

# PREVANSYON CORONAVIRUS (COVID-19)



**Lave men w souvan avèk savon ak dlo** pandan 20 segonn pou pi piti.



**Kouvri bouch ou** avèk mouchwa ou ka jete lè w ap **touse** oswa **estènen**. Si w pa gen yon mouchwa ou ka jete, **touse** ak **estènen** nan manch rad ou.



**Netwaye ak dezenfekte** bagay ak kote moun touche detanzantan.



**Evite touche** je w, nen w ak bouch ou.



**Rete lakay ou** lè w malad, sof si w dwe ale pran swen medikal.



**Evite kontak** ki twò kole ak moun ki malad.

Tout moun nan Konte Miami-Dade ki kwè ke yo te ekspozè a COVID-19 la ta dwe rele Depatman Lasante Florid la nan **305-324-2400**. Si w genyen yon founisè swen medikal, rele li. Si w ap ale nan yon biwo oswa yon etablisman medikal, rele davans. Pou kesyon sou COVID-19 nan Florid, tanpri rele Dapaman Lasante Florid la nan **1-866-779-6121**.

Pou plis enfòmasyon, vizite [miamidade.gov/coronavirus](https://www.miamidade.gov/coronavirus)

**POU YON IJANS MEDIKAL, RELE 911**